

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Wawacan Syékh Ibnu Hasan karya Puradinata mangrupa salasahiji buku nu aya di Perpustakaan Universitas Pendidikan Indonesia, nu diterbitkeun ku Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Proyek Penerbitan Buku Bacaan dan Sastra Indonésia dan Daerah dina taun 1979. Dicitak dina kertas HVS A5 nu jumlahna 58 kaca. Aksara nu dipaké nyaéta aksara Latén kalayan maké basa Sunda, nu ngawengku 9 pupuh, 21 kanto (épisode), jeung 381 pada. Dina ieu wawacan nyaritakeun ngeunaan Ibnu Hasan nu asalna ti nagri Bagdad, dititah nyiar élmu ka nagri Mesir ku indung jeung bapana. Di sakola, Ibnu Hasan diajarna soso-soso pisan. Ku sabab kitu, Ibnu Hasan bisa namatkeun sakolana di sakabéh sakola di nagri Mesir jeung Turki. Ibnu Hasan nu pinter jeung hadé laku lampahna, sarta daék tutulung ka sasama, ahirna diistrénan jadi Mufti karajaan pikeun ngabaturan Raja dina ngolah nagara. Nagri Bagdad beuki tambah-tambah mashur, nu daragang tambah kaya, nu tarani tumuwuh mukti.

Struktur formal jeung struktur naratif *Wawacan Syékh Ibnu Hasan*. Struktur formal *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* nyaéta: 1) guru lagu jeung guru wilangan: pupuh anu luyu jeung patokan guru lagu jeung guru wilangan nyaéta pupuh kinanti jeung pupuh pucung. Sedengkeun pupuh nu teu luyu jeung patokan guru lagu jeung guru wilangan nyaéta pupuh asmarandana, pupuh dangdanggula, pupuh durma, pupuh magatru, pupuh mijil, pupuh pangkur, jeung pupuh sinom; 2) watek pupuh: pupuh asmarandana ngagambarkeun watek kanyaah, pupuh dangdanggula ngagambarkeun watek anu bungah jeung gumbira taya tandingna, pupuh durma ngagambarkeun watek anu keur ambek, pupuh kinanti ngagambarkeun watek anu keur nganti-nganti, pupuh magatru ngagambarkeun watek prihatin, pupuh mijil ngagambarkeun watek anu sedih jeung kaayaan nyanghareupan kasusah, pupuh pangkur ngagambarkeun kaayaan lalampahan, pupuh pucung ngagambarkeun kaayaan hiji hal nu *layak* diiberkeun ka masarakat, jeung pupuh sinom ngagambarkeun watek gumbira atawa asamara; 3) sasmita pupuh: sasmita pupuh pucung nyaéta mucung, jeung sasmita pupuh mijil nyaéta bijil.

Struktur naratif *Wawacan Syékh Ibnu Hasan*, nyaéta: 1) galur dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* nyaéta galur campuran jeung miboga 21 kanto (épisode); 2) motif carita dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* nyaéta lalampahan, motif néangan élmu, motif wasiat, motif nipu, motif nyamur, motif ngimpi, motif musawarah, jeung motif *pengangkatan*; 3) palaku dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* nyaéta Syékh Ibnu Hasan, Nyi Sudagar, Ibnu Hasan, Mairin jeung Mairun, Saleh, Sultan Harun al-Rasyid, jeung Kamarudin; 4) latar dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* ngawengku latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Latar tempat ngawengku latar nagri Bagdad, gunung, bumi/imah, robat, kadatun/karaton, masjid, alun-alun, nagara Mesir, pasantrén, iskola/sakola, Istambul, jeung Turki. Latar waktu dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* nyaéta waktu dina sapoé sapeuting, waktu dumasar lilana (durasi), jeung sesebutan waktu séjénna. Latar sosial dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* raket patalina jeung status sosial nyaéta ayana status sosial gandék, jalma sugih, jeung Raja; 5) téma *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* nyaéta atikan jeung kamasarakatan.

Unsur budaya dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan*, nyaéta: 1) basa dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* nyaéta basa Sunda, basa Indonésia, basa Arab, basa Pérsia, gaya basa, sarta babasan jeung paribasa Sunda; 2) sistem pangaweruh dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* ngawengku sistem pangaweruh ngeunaan alam, tutuwuhan, sasatoan, warna, bagéan awak manusa, jeung kecap sesebutan bilangan; 3) sistem kamasarakatan/organisasi sosial dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* nyaéta aya nu patali jeung lingkungan kulawarga, karajaan, jeung masarakat; 4) sistem pakakas hirup jeung téhnologi dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* nyaéta ngeunaan pakarang, wadah, kadaharan, pakéan, alat-alat transportasi, jeung tempat diuk; 5) sistem pakasaban dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* nyaéta dagang, tani, jeung patukangan (palédang jeung kamasan); 6) Sistem réligi nu aya dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* ngawengku tempat upacara kaagamaan, papakas dina upacara, jeung jalma-jalma nu ngalaksanakeun jeung mingpin upacara; 7) Kasenian nu aya dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* nyaéta ayana seni vokal (ngawih), seni instruméntal (hadro), seni sastra (pupujian), jeung seni musik saperti ayana kecap musik.

5.2 Implikasi

Struktur formal jeung struktur naratif dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang kasusastraan, hususna nu patali jeung karya sastra buhun saperti wawacan.

Unsur budaya dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang budaya, lantaran dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* bisa katitén rupaning hal nu patali jeung kabudayaan, anu bisa dijadikeun sarana pikeun mekarkeun kabudayaan nasional.

5.3 Rékomendasi

Ieu panalungtikan tangtu masih loba kahéngkérana. Tapi sok sanajan kitu, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh kana salasahiji karya sastra buhun saperti wawacan. *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* réa pisan mangpaatna pikeun panalungtik, utamana nambahan pangaweruh dina widang sastra jeung élmu lianna. Dumasar éta hal, aya sababaraha rékomendasi pikeun sababaraha pihak anu patali jeung ieu panalungtikan, nyaéta saperti ieu di handap.

Pikeun mahasiswa hususna mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Sunda, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun référénsi hususna nu patali jeung ulikan struktur sarta budaya dina wawacan.

Pikeun panalungtik satuluyna, ieu panalungtikan *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* téh perlu dianalisis deui ngeunaan aspék-aspék nu séjénna, sabab panalungtik ngarasa masih kénéh réa ajén-inajén nu nyampak dina ieu wawacan.

Pikeun masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi jeung ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan wawacan hususna nu patali jeung struktur sarta budaya. Lian ti éta ieu panalungtikan dipiharep bisa ngahudang karep pikeun ngaraksa-ngariksa budaya Sunda saperti wawacan.